Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 2 (7351)
12 январь 2019 сон
Щамат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб совещание



I0 януаралда районалъул администрациялда букIана гьаб соналда тIоцебесеб аппараталъулаб совещание. Гьеб ана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь. Совещаниялда гьоркьор лъуна байбихьараб соналда кIвар буссинабизе кколел масъалаби.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIер, замал, отделазул начальникал ва цогидалги хIалтIухъаби.

Байбихьудаго бетIерас киназдаго баркана тIаде щвараб ЦIияб Сон. Хадуб гьес абуна: «Жакъа нилъеца гIадат хIисабалда данде росизе руго араб соналъул хIалтIул хIасилал. Ракьал тIад хъваялъул, неформалияб занятость къватIиб чIвазабиялъул, налогал рачIинариялъул хIасилал лъикIал ккана араб соналда. Къокъго абуни лъикI ана араб сон, аслиял рахъазул планал тIуразаруна. Гьел хIасилал щула ва гIемер гьариялъе кинабго къуват кьезе ккола,-абун. Гьединго ГI. НурмухIамадовас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалда лъикIал хIасилал рукIинариялъе квербакъаразе.

Хадуб тIадчIей гьабуна хадурккун гьаризесел хIалтIабазда. Гьениб бицен ккана къабул гьабураб бюджеталъул проекталда хурхунги, гьеб къабул гьабизе ккеялъулги бицана. Хадубккун хIалтIи гIуцIиялъул бицунаго ГI. НурмухIамадовас абуна: «Гьал къоязда щибаб райадминистрациялъул отделалъ, управлениялъ дихъе кьезе ккола гьаризе ругел хIалтIабазул планал». Гьенибго рихьизаруна захIматалъулаб гIадлу букIинабиялъул, жидерго тIадал хъулухъалъулал ишал тIураялъул суалазда хурхун кIвар кьезе ккolел рахъал.

Хадубги кIалъазе рахъараз рицана отделазул хIалтIабалъ дандчIвалел захIмалъабазул, гьел тIураялъе нухал рихьизаруна.

Совещаниялъул хIасилал гьарулаго замазе, отделазул начальниказе, учреждениял-организациязе тIадкъаял кьуна гIумроялде рахъинаризе кколел хIалтIабазда хурхун.

ГIолеб гIелалъе тарбия

## ХIасилал данде росана

Арал къоязда данделъун букIана саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьаби-ялъул комиссия. Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъана бетIе-расул заместитель М. ХIам затов, райадминистрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева, комиссиялъул секретарь П. НурмухIамадова, членал, лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор Ш. ГIумаров, Шамильхъалаялъул амбулаториялъул терапевт ХI. Къадиева, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ райадминистрациялъул отдела-лъул нач. А. МухIастанов ва цогидалги.



Заседаниялда балагьана школазде хьвадулел гьечIел цо-цо лъималазда хурхарар суалазухъ. Гьенибго бицана гIаммаб лъай кьеялъул школазда бугеб ахIвал-хIалалъулги. Гьений кIалъарай П. НурмухIамадовалъ тIадчIей гьабуна лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабиги гъорлъе рачун школазде хьвадуларел лъималазда ва эбел-инсуда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе кколин. ХIукму гьабуна гьединал эбел-инсулгун законалъулаб хIалтIи гьабизе. Лъималазул цIалуде гьира бачIиналъе хIалтIаби гьаризе хIажат бугин бихьизабуна гьений кIалъарай П. ГIалиевалъги.

Данделъиялда «Золушка» профилактикияб операциялъул тадбирал тIоритIиялъул бицана Ш. ГIумаровас.

Хадуб НВФялъул членаллъун рукIарал эбел-инсул лъималазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIуда тIадчIей гьабуна М. ХIамзатовас. Лъалеб букIахъе гьединал лъималазда тIад гьабун буго опека, гьел рухьинарун руго хасал гIадамазда тIад, гьеб гьабичIеб чанго лъимер хутIун буго.

Данделъиялъул ахиралда захIматал хъизаназда гIолел лъималазе захIматалъул тарбия кьезе ккеялъул суалаздеги кIвар буссинабуна.

Редакторалъул колонка

## ГIаданлъи

**(Къойида жаниб кIицIул баккуларо бакъ ва кIицIул чиясе кьоларо гIумро – дурго гIумроялъул хутIелал къан кквe ва цIуне гьел!)**

Дун цIалдолезда йичIчIиладай жакъа бищунго къанагIатаблъун лъугьараб чиясул хасиятазул цо рахъалъул бицун кIалъани?! Щакаб жо буго. Щайгурелъул гIаданлъи, яхI-намусалда тIасан галиги бегьун бечелъизе щивасе бокьараб заман тIаде щун бугелъул. Аллагьасул Къуръаналдаги бихьизабун бугелъулха ахир заманаялъ дунялалда гIаданлъи къанагIалъилин, гьеб гьечIолъиялъ рагъ-кьал кутаклъилин, къварилъи, ракъи-къеч тIибитIилин, балагьал цIикIкIинин, амма лъугьунелъе битIараб къимат кьезе инсанасухъа бажариларин. Гьедин тIаде гIунтIун буго щивас жинда-жинда бажарараб къадарлъиги гьабун, жиндиего лъикIлъи балагьулеб заман.

Лъилъ кигIанисеб къадаралъ гIаданлъиялъул качество хутIун бугебали хал ккечIого хутIуларо нилъехъа гIумроялъул свералабазда ва гIадатиял гIадамаздаги власталдаги гьеб рахъалъ лъугьун бугеб батIалъиялъ тамашалъизаричIого хутIуларо.

У, жакъа заманалда власталда ругел хIакиммахIал гIадамаздаги гIадатиял гIадамаздаги гьоркьоб гIаданлъиялъул рахъалъ борхалъиялдаги кIкIалалдаги гьоркьобгIан кIудияб батIалъи буго. Гьеб щивасда къойилго дандчIвалебги бугелъулха. Масала, сапаралъ рукIун рекIунеб жоялъул санагIат ккечIого нухлулаз рачани, гIемерисез гьабураб гIаданлъиялъухъ кьурал гъурщал росуларо, жидеда Аллагь гурхIаги,-ян дугIа гьабеян абула, хIакимасухъе ани кигIан гьитIинаб пайда дуе гьабуниги гьеб бецIун рецIел кьезе ккола, ай «баркала» кьезе ккола халкъалъе хъулухъалъе кьун харжгин таразе. Гьедин гьадингоги тIеренаб тIом бахъула хIалалъ рукъ баччарав мискинасухъа.

Цо-цо мехалъ пикро гьабизе бачIуна жидеда гIаданлъи «рагIуларел» хIакимазцин гурищ халкъ рохьобеги балагьалдеги гъураб,-абун. Щайгурелъул гьезие бугогIан буголъи гIолеб гьечIо, бугеб мискинлъиги гIезабун пашманго гьезухъ балагьун халкъги буго. Кисан магIишат гьабизеян лъугьаниги цебетIей халкъалъе гьечIо, хIукуматалъул гьезие риччарал бигьалъаби цIцIулел хIакимал рукIиналъ. Гьедин хIакимлъиялдасан пайдаги гьечIо халкъалъе кигIанго халкъалъе пайдаяб власть бугин хабар бицунб бугониги, нагагь рагъ-кьал кканиги гъурула халкъ, цIунун хутIула хIакимлъи!

ХIалтIулел бакIаздаги хIакимазе ва гьезул церехъабазе хIеличIони, зодихъе хIалтIи бахун бугониги цеве унаро мун, мугъ гьездехун кьуни полициялъул «лахIтуялъувецин» лъугьине ккезе бегьула, кидаго пикрабалъ бихьичIебцин тIаде гIунтIизабизе бегьула, гьедин хъахIаб чIегIераблъун бихьизабизе рес буго хIакимазул хIалкIолъиялъ. ХIалтIулъ бажари, магIна-гIин, цебетIей гьечIониги хIакимасул хIатIал рацIцIунев чи бергьенлъаби щун вихьула, дур ишалги гьесие цебетIей щвеялъе гьаруралльун хутIула.

В. Васильев бетIерлъуде вачIаралдаса гьединаб ахIвал-хIал Дагъистаналда хисизе бегьиялда хьул буго нилъер халкъалъул. Нилъер бусурбабазда кIвечIелъулха жидедаго тIадал къануналги цIунун, халкъалъеги ВатIаналъеги жидеегоги кIиябго гIумроялда ритIун кколедухъ хIалтIизе, гIумро бачине, ай бусурбаби гIадин хьвадизе. Дун бусурман чиянги абун цIунуларо гьесда тIадал къанунал, капурас бусурбабазе гIакъуба кьолеб бугеб гIадал харбалги риччан цIидасан халкъ гъоркье рехизе хIал бихьула. Гьединал харбал руго ахирияб заманалда интернеталдасан риччалел. Амма жидерго хIакимлъиялъулал хIалкIолъабазул заманаялда халкъалда нахъа ратанадай гьанже гьел цIцIун, цIогьодун, жандармаялъулазухъе щварал, ай ккурал хIакимзаби. ЦIани хьихьун, хур бекьун гьабе магIишат,-ян нилъедаги лъазабун, кьабизабула гьез халкъалъул буголъиялда, амма гьанже халкъ хIажалъун буго гьезие власть капурзабазухъа бахъизе!

Кибха гьениб бугеб гIаданлъи?!

# Протокол

## публичных слушаний по Проекту программы социально-экономического развития муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019 -2021 годы

Пос.Шамилькала от 29 декабря 2018 года 10 час.00 мин.
Присутствовало - 37 человек
Повестка дня:

**О Проекте программы социально-экономического развития муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019-2021 годы.**

Открыл и вел мероприятие председатель Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» К.Д.Асадулаев.

Темой сегодняшних публичных слушаний является документ стратегического планирования- Проект программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы, это очень серьезный документ, имеющий большое значение для развития нашего района. В связи с большим объемом данный документ не был опубликован в районной газете «Садовод», а был размещен на официальном сайте администрации района, и жители района, заинтересованные учреждения, организация имели возможность ознакомиться с ним.

Выступили: Арулмагомедов С.М.-начальник отдела финансов, заместитель главы администрации муниципального района, который отметил, обращаясь к участникам публичных слушаний, что Проект программы социально-экономического развития муниципального района на 2019-2021 годы разработан экономическим отделом администрации района согласно утвержденному Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан макету программы и на основании динамики основных показателей социально-экономического развития района за последние три года, а также с учетом всех финансовых и трудовых ресурсов на сегодняшний день, и экономически обоснован. В проект программы включены мероприятия, способствующие развитию экономики района в целом – это и развитие туризма, благоустройство поселений, входящих в состав муниципального района «Унцукульский район», создание рабочих мест и расширение налоговой базы района. Итого по Программе -507,21 млн.рублей, ФБ- 190 млн.рублей, РБ- 189,5 млн.рублей, МБ-10,21 млн.рублей, собственные средства предприятий -7,5 млн.рублей, кредиты банков- 5,0 млн.рублей, другие частные инвестиции -105,) млн.рублей.

Предложил собравшимся на слушания участникам одобрить предлагаемый Проект программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы.

Асхабалиев М.С. – предложил одобрить Проект программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы и направить в Собрание депутатов муниципального района для утверждения и принятия на очередном заседании Собрания депутатов.

Маллагусенов Г. –предложил участникам публичных слушаний одобрить предлагаемый Проект программы социально-экономического развития района на 2019-2021 годы, поскольку целью программы является повышение качества жизни населения, включая формирование благоприятной социальной среды, обеспечивающей всестороннее развитие личности и укрепление здоровья, обеспечение устойчивости территориального развития.

Абдулаев А.М. –предложил также одобрить и рекомендовать Собранию депутатов муниципального района принять программу социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы.

**РЕШИЛИ:**

1.Считать состоявшимися публичные слушания по Проекту программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы.

2.Одобрить Проект программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы и рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Унцукульский район» принять его на очередном заседании Собрания депутатов муниципального района.

3. Протокол публичных слушаний по Проекту программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы и заключение по нему направить для опубликования в районную газету «Садовод», разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Унцукульский район» и в Собрание депутатов муниципального района.

**Председательствующий К. Асадулаев**

**Секретарь А. Якубов**

**ЗАКЛЮЧЕНИЕ**

**по результатам публичных слушаний по обсуждению Проекта программы социально-экономического развития муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019-2021 годы**

**пос. Шамилькала 29 декабря 2018 года**

Публичные слушания по обсуждению Проекта программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район».

Присутствовало – 37 человек
Выступило - 4 человек

Путем голосования установлено, что Проект программы социально-экономического развития муниципального района РД на 2019-2021 годы одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Председательствующий К. Асадулаев**
**Секретарь А. Якубов**

# Протокол

## публичных слушаний по Проекту бюджета муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов

**пос. Шамилькала от 29 декабря 2018 года 10 час. 00 мин.**

Присутствовало- 37 человек
Повестка дня:

**О Проекте бюджета муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов.**

Открыл и вел мероприятие председатель Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» К.Д.Асадулаев.

Асадулаев отметил, что проведение публичных слушаний является одним из инструментов обеспечения прозрачности и открытости бюджета и бюджетного процесса для общественности и населения, жители района вправе знать как формируется бюджет, насколько эффективно он используется, каковы его параметры и направленность.

Публичные слушания по данному вопросу проводится по инициативе Собрания депутатов муниципального района. Прежде чем принять бюджет района во втором чтении согласно Уставу района обязательно провести публичные слушания. С целью организации работы по учету предложений граждан района по Проекту бюджета района была создана группа из депутатов Собрания и ответственных работников финансового отдела администрации района. Проект бюджета района на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов был опубликован на страницах районной газеты «Садовод» и размещен на официальном сайте администрации района, жителям района была этим предоставлена возможность ознакомиться с материалом бюджета и внести предложения, замечания по направлениям расходования бюджетных средств.

Выступили: С. С. Арулмагомедов- начальник отдела финансов, заместитель главы администрации района, который предложил вниманию участников публичных слушаний содержательную, доступную для восприятия информацию по основным показателям доходной и расходной части закладываемого на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов бюджета района в сравнении с показателями прошлого года. Формирование бюджета района осуществлялось на основе прогноза социально-экономического развития района на 2019-2021 годы, основных показателей бюджетной и налоговой политики района на 2019-2021 годы, оценки поступлений доходов и ожидаемого исполнения бюджета за текущий год и все мероприятия, предусмотренные Бюджетным кодексом и Уставом района по составлению проекта бюджета на 2019-2021 годы, соблюдались. Бюджет района имеет социальную направленность, и мы его принимаем без дефицита, отметил Арулмагомедов С. С.

В ходе подготовки и проведения публичных слушаний по Проекту бюджета района на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов предложений, дополнений и замечаний не поступало.

Предложил участникам публичных слушаний одобрить данный Проект бюджета района и рекомендовать к рассмотрению на очередном заседании Собрания депутатов для принятия в окончательной редакции.

**Малламагомедов М.Р.** – Необходимо учесть в бюджете района средства в сумме 8 м.рублей для составления генеральных планов развития поселений, а также на разработку Правил застройки и землепользования в поселениях, входящих в состав муниципального района, на оформление собственности хотя бы 300 тыс.рублей, в противном случае при проведении проверок надзорными и контрольными органами будут выявляться нарушения Градостроительного кодекса РФ, федеральных законов по данным вопросам. Просил уделить этим вопросам, имеющим жизненно-важное значение для населения, при разработке и утверждении бюджета района.

**(Продолжение на 3 странице)**

# Протокол

## публичных слушаний по Проекту бюджета муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов

**Абдурахманов М. А. -** О заложении средств в бюджете района на выплату командировочных работникам отдела образования, выезжающим по городам и районам для участия в мероприятиях, установления надбавки до 20 процентов к заработной плате работникам образования, предусмотренной Трудовым кодексом РФ и законами Республики Дагестан за почетные звания «Заслуженный учитель», «Почетный работник образования» и других льгот, положенных им.

**Абдулаев М. Б.** – Об оказании помощи выделением средств из бюджета района на содержание Общественной палаты муниципального образования «Унцукульский район» ( на приобретение оргтехники, текущие расходы), хотя бы минимальный размер.

**Абдулаев М.Г.**- Поднял вопрос создания резервного фонда по чрезвычайным ситуациям, отдельной строкой в бюджете района заложить хотя бы 300 тыс. рублей для оказания материальной помощи пострадавшим гражданам, также чтобы в бюджетах поселений тоже заложили по 50 тыс. рублей минимум на эти цели. И было бы лучше впредь до разработки и составления проекта бюджета поставить в известность отделы и другие подразделения, чтобы имели возможность представить свои предложения.

**Якубов Д. А.** – По роду своей деятельности работникам отдела сельского хозяйства приходится часто выезжать в командировки в прикутанные хозяйства, необходимо заложить средства в бюджете района для обеспечения их транспортом, ГСМ, а также на командировочные расходы.

**Магомедалиева А. М.** – Жители района, отделы, учреждения и организации, которые получают бюджетные средства имели возможность ознакомиться с проектом бюджета района на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов через средства массовой информации, была возможность изучить и внести предложения, замечания, для этого и была создана рабочая группа для учета предложений и замечаний по Проекту бюджета района. Ни одно предложение, замечание или дополнение за этот период не поступало в рабочую группу.

**Мухастанов А. Г.** – О заложении средств для развития и проведения молодежной политики в районе, то что заложено в бюджете района на эти цели не хватает для проведения целенаправленных мероприятий, необходимо также оборудовать кабинет отдела, обеспечить необходимым инвентарем, мебелью, транспортом, ГСМ и средства на командировочные расходы, хотя бы 150-200 тыс.рублей.

**Абдулаев А. М.**- Необходимо заложить средства на модернизацию учреждений культуры сельских поселений. Мы знаем, что только с помощью модернизации учреждений культуры, правильно разработанной стратегии развития муниципальных образований можно повысить удовлетворенность качества услуг в сфере культуры. А без соответствующих затрат этого невозможно достичь.

**РЕШИЛИ:**

1. Признать состоявшимися публичные слушания по Проекту бюджета муниципального района РД на 2019 года и плановый период 2020-2021 годов.
2. Одобрить Проект бюджета муниципального района РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов.
3. Согласовать и рекомендовать представительному органу - Собранию депутатов муниципального района утвердить бюджет муниципального района РД на 2019 и плановый период 2020-2021 годов на очередном заседании Собрания депутатов.
4. Протокол публичных слушаний по Проекту бюджета муниципального района РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов и заключение по нему направить для опубликования в районную газету «Садовод», разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Унцукульский район и в Собрание депутатов муниципального района.
5. Учесть все предложения, замечания, поступившие в ходе обсуждения Проекта бюджета муниципального района «Унцукульский район» РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов, предложить отделу финансов администрации района внести коррективы в Проект для внесения в Собрание депутатов до принятия в окончательной редакции.

**Председательствующий К. Асадулаев**
**Секретарь А. Якубов**

**ЗАКЛЮЧЕНИЕ**

по результатам публичных слушаний по обсуждению Проекта бюджета муниципального района РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов

пос. Шамилькала 29 декабря 2018 года

Публичные слушания по обсуждению Проекта бюджета муниципального района РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» на основании решения Собрания депутатов муниципального района от 11 декабря 2018 года №80

Присутствовало – 37 человек
Выступило - 9 человек

Путем голосования установлено, что Проект бюджета муниципального района РД на 2019 год и плановый период 2020-2021 годов одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Председательствующий К. Асадулаев**
**Секретарь А. Якубов**

Божизе захIматаб, амма...

# БукIунищ букIунарищ? Берккей

**(Ццим бахъарав ва жахIда-х1усуд бугесул бералъ бищунго гIадатияв чиясул бугонигицин лъикIал гьечIел хIасилазде цIазе бегьула)**

Цо-цо гIадамазул гIицIаб балагьараб бералъ гIадамал, боцIи яги рухI гьечIел предметалцин рачине рес буго талихI къосиналде. ЦIалдолел гьелда тIад релъизе бегьула; амма кинабго жо кодоса бортулеб бугони, битIунккунгутIиял гIемерлъулел ругони, гьеб рахъалъ пикру гьабизе бегьула.

ГIадамасулъ букIуна психикияб энергия, гьесда жиндагогицин лъалареб. Бищун цIикIкIун гьеб букIуна беразулъ. ГIелмуялдагицин абулеб буго «цо-цояз балагьун чи чIвазе бегьулин». Бищунго къуватаб букIунеб буго гIадамасул рогьалил тIоцебесеб балагьи, (нилъ макьидаса рорчIаралго). Гьединлъидал тIоцере ралагьизе лъикIаб буго сверухъе, гIайиб гьечIесда бер речIчIизегIан. Абула гIемер гьедин цо ккураб бакIалде ралагьани гъветI бакъвазецин бегьулин.

Нилъеда лъала тIад чIун цо чи нилъехъ валагьани «гъванща борлъулеб гIадаб» асар лъугьуна нилъелъ. Цо-цо мехалда гьеб букIуна бигьаяб тIадецуй гIадаб, тамахаб, гьорода релъараб. ГIажаибаб иш лъугьана цо нухалда Киргизиялда. Суратал рахъулеб дарсида ца васас ясалъухъа бахъула гуашалъул банка. Гьей гIодичIо, амма рихенгун ялагьун чIана васасухъ. РакIалдаго гьечIого гьесул кверална бухIараб гIадаб гIуж лъугьана ва гьаракьги борчIун банка гIодобе бортун ана. АскIое йортарай учительница гIажаиблъун хутIана, лъадал цIураб пул рехун букIана васасул кверде.

ГIемерго цебетIечIеб биоэнергетика бугездацин кIола ццим бахъун бугони дандиясе зарал гьабизе. Гьоркьохъел гIасрабаздаго бук1ана берккеялъ ккезе рес бугел унтабазул сияхI. ЧIахIиязул гьел унтаби ккола опухолал кколеб унти, щукIдул рукIкIин, беццлъи, инпотенция. Лъималазул – макьущунгутIи, ракI хиси, ботIрол унти, эпилепсия, чехотка.



Жакъа хIахIда рикIкIунеб буго бер ккеялъе тIоцебесеб гIиллалъун. КигIан ракълида вукIунев чиясдацин ракIалде ккола мадугьаласул щай бугеб, дир щай гьечIеб?,-абун.

Мун дихъ ракълида валагьаниги гьесие данде жаваб щолеб буго жахIда бугеб ва вампиралъ гIадин цIалеб буго гьез гIадамазул энергия. Лъимер гьабуларей чIужугIаданалда гьитIинаб лъимер бихьани, гьелъ гьев веццани ва рекIеда чIегIерлъи бугони, жиндаго лъачIого гьелъ лъимадуе зарал гьабула. Гьединин лъаларезда лъимер бихьизабугеян умумазул аби бугеб. «Балагьулезда» гьоркьор лъикIлъи бокьуларел ратизе бегьулелъул.

Берккей лъугьуна щив вугониги цIакъго хIикмалъун, гIажаиблъи гьабун лъимадухъ, боцIухъ, буголъиялъухъ яги живго чиясухъ балагьани. Гьенибго цIодорлъи гьабичIони лъимал унтула, боцIи хола, буголъи бикъизе бегьула, ишазулъ битIккунгутIиял лъугьуна.

ТалихIкъвиналдаса кинха цIунилел?

Цо-цо халкъаз рикIкIуна лъимада, боцIуда, сунда бугониги багIараб чIоло яги щиб бугониги бачIинахъего бер речIчIулеб жо бухьине, базе кколин. Гьединалго цIунулел жал лъала Германиялда, Англиялда ва цогидалги улкабазда. РикIкIуна квешаб бералда байбихьудаго бихьулеб багIараб кьералъ квешаб бералъул балагьи загIип гьабулин.

Гьединабго цIуниялъулаб мурад буго горбода маххал раялъул, баргъичазул ва кIилкIазул. Гьел рала тIоцебе речIчIулеб бер тIаде цIазе.

Гьединаб цIуни хIакъикъаталдаги хIалтIула. ГIемерал берцинлъиялъе жал рарай чIужугIадан бералдаса цIунарайлъунги йикIуна. Гьединабго асар букIуна рукъалда цебе чIараб рябинаялъул. Рукъ квешлъиялдаса цIуниялъул роль хIалтIизабула прихожиялъуб бараб матIуялъги. Гьелъул магIна ккола квешаб бер гIодобе биччазабилъун.

Цо-цо улкабазда ах бералдаса цIунизе жанире лъугьунеб бакIалда чIола ражи, багIаргьоло. Къокъго абуни абула квегIаб гъажалзул бетIералдасан лъабго нухалъ квегIаб рахъалдехун хIацIу туниги холин квешаб бералъул асар,-абун.

ГIолилал

# Дагъистаналъул къадру борхизабурав вас



Гьаб хадусеб макъала хъвазе дун тIамуна Дагъистаналъул «МугIрузул цIум» - ХIабиб НурмухIамадовасул гьунаралъ. БитIараб бицани тIоцеве ХIабиб вихьараб мехалда, хасго хъахIаб керчаб тIагъур лъурав гьесул рахъалъ дида ракIалде ккун букIана гьев гIамал кIудияв, чIухIарав чи ватилилан. Амма Конoридаса бергьун хадуб гьесул интервьюялъухъ балагьараб мехалъ бичIчIана дун мекъи кколев вукIин. ТIоцебесеб иргаялда кватIун бугониги бокьун буго дие баркизе ХIабибида, гьесул эбел-инсуда, гIага-божаразда, гьудул-гьалмагъзабазда, тIубараб дагъистанияздаго гьеб кIудияб, дунялалдаго цIар ргIараб бергьенлъи, гьаризе чорхое сахлъи, халатаб гIумро, спорталъулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби. Биччанте нилъеда тIад букIине кидаго роцIараб зобги, гвангъараб бакъги, даимаб рекъелги, гьединал бергьенлъабиги.

ХIабибихъ гIенеккараб мехалда дида гьесулъ бихьана лъикIав спортсмен гуревги, гьев вукIин унго-унгояв яхI-намусги бугев, ритIухълъиги бокьулев, живго вижараб ракьалдехун бербалагьи лъикIаб рахъалъ цIунарав, иманги чорхолъ бессарав унго-унгояв инсан,-абун.

«Эксклюзив» передачаялда гьес бихьизабуна кинаб къагIидаялъ спортсмен кивго вукIине, ва унго-унгояв тарбия щварав гIадан кинан хьвадизе кколевали. Гьес бицана жиндирго гIумроялъул къокъабго лъугьа-бахьин. Эбел-инсудехун бугеб рокьиялъул, ВатIаналдехун букIине кколеб лъикIаб бербалагьиялъул, гьудул-гьалмагълъиялдехун бугеб гьоркьоб-лъиялъул, гIарац тIоцебесеб бакIалда лъезе гьечIолъиялъул.

Кинабго аслияб жо баян гьабуна гьес гIедегIичIого, гIодове виччан, сабруялда, балагьаразе ва гIенеккаразе гьира базабулеб куцалъ, берцинго. Гьелъ ХIабибидехун дагьабги рокьи бижизабуна. Къурал суалазеги гьес чIванкъотIарал жавабал мисалаздалъун кьуна.

ХIисаб гьабеха киназго гьесул цо гьадинаб жавабалъул: жинда ракIалда букIанила Дагъистаналде вачIине щибго ахIи-хIурги бахъинабичIого, амма инсул гьариялдалъун вор-жине кканин. Жиндихъ балагьаразул рахIат хвезабизе бокьун бук1инч1ин. Жиндие бокьуларин гIемерал гIадамал жиндихъ балагьун чIезаризе,- абун.

Дие гьев дандиясдаса къун вукIараваниги вукIана, вукIинеги вуго «МугIрул цIумлъун». ТIоцеве гьев вуго иман-яхI, адаб-хатир бугев, кьучIаб рагIул бетIергьан, гIакълуги камилав, чIахIиязухъ гIенеккизеги лъалев унго-унгояв бусурманчи. Хадув вуго гIамал кIодолъи гьечIев, живго-живилан веццардуларев унго-унгояв дагъистанияв. Гьес борхизабуна Россиялъулги дагъистаниязулги къадру.

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**

# Мисалияй мугIалим



ГIумруялда гIемерал мисалал руго: лъикIал къиматазда школаги институтги лъугIун дагьаб заманалда гурони школалда хIалтIун щвечIого нахъе ине ккаразул ва гьелъул гIаксалда лъабилазда цIаларазе «мустахIикъал»,- абурал цIарал щвеялъул хIужабиги дагьал гьечIо.

ЦIалдохъабазде бугеб рокьиялъ «куркьбал гъурай» гIадан йиго Унсоколо районалъул ХъахIабросулъа байбихьул классазул учительница Рашидат ХIайдарова. Лъималазде бугеб рокьиялъ вахинавула мугIалим борхалъуде. ХIеренаб каламги камилаб лъайги букIиналъ гьелда кIола щибаб лъимадул рекIелъе нух бахъизе. Цогидаз мисал босизелъун рагьарал дарсалги кьола Рашидатица школалда. ЦIалдохъабазул эбел-инсулгун кидагосеб бухьен чIезабизе хIаракат бахъулеб буго гьелъ, гьедин гьабиялъ хIасилалги лъикIал кколел руго. Гьединго, тIадчIун жиндирго лъай борхизабулеб буго Р. ХIайдароваль. ГьабсагIаталда гьей хIалтIулей йиго «Безударные гласные в корне»,- абураб темаялда тIад. Исана анцIила ункъабилеб сон буго гьелъул ДГПУги лъугIизабун лъималазе лъайгун тарбия кьезе байбихьаралдаса.

Мурад буго захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб педагогасул хIалтIулъ Рашидатие хадурккунги бергьенлъаби щвей.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**

# ГIалиева ПатIимат



Дагъал церегIан кьоязда халат бахъараб унтудаса хадуб нилъедаса ятIалъана ракI лъикIай инсан, камилай хIалтIухъан ГIалиева ПатIимат.

ГIалиева ПатIимат гьаюна I974 соналъул I4 августалда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ.

I994 соналда гьей хIалтIизе лъугьана Унсоколо росулъ бугеб «Ромашка» ясли-ахикь тарбия кьолей чIужуялъул кумекчIужулъун. ХIалтIул саназда гьей йикIана лъималазе тарбия кьеялде кIвар кьолей, аскIор хIалтIулезулъ хIеренай, ракI лъикIай ва хIалтIулъ камилай гIаданлъун.

Районалъул Унсоколо росулъ бугеб «Ромашка» ясли-ахалъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго гIолохъанго нилъедаса ятIалъарай

**ПатIимат**

абадияб рокъое иналда бан, гьелъул вацасда, яцазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

**«Ромашка» ясли-ахалъул коллектив.**

## *Пайдаял малъа-хъваял*

*Гордил къвалал рацIцIад гьаризе ккани, гьезда гьарзаго сапун бахине ккола ва черолеб машинаялда жанибе рехилалда цебе, гьеб хIалалда, I5 минуталъ тезе ккола. Квасул ва квас-квасул гордалги гьединго чуризе бегьула.

*ТIансаялъул кьер бачIине ккани, ахиралда гьеб хулулеб лъеда гьорлъе уксус тIезе бегьула.

*Квасул свитерал чурун лъугIидал, гьел хулулеб лъеде глицерин жубай.

*РатIлил пентал (замки) чурун хадуса холел ругони, черолеб машинаялда жанибе рехилалде гьел рахазе лъик1аб буго.

*КанчIал гордазул кьер хвечIого букIине ккани, чурилалде цере цо яги кIиго сагIаталъ, дагьабго уксус гьорлъе тIураб лъеда гьорлъ лъун те.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 12. 1. 19 г. 16.00
фактически -16. 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.